STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 8 mas 2013

GOUVÈNÈ CUOMO BAY SIBVANSYON KONPETITIF NAN EDIKASYON POU DOUZ (12) DISTRI KI TE JWENN PLIS PASE $9 MILYON DOLA NAN EKONOMI LAJAN POU EFIKASITE EPI KI KAPAB SÈVI KÒM MODÈL POU LÒT DISTRI YO

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay 12 distri lekòl modèl yo sibvansyon pou yon sèl fwa pou yon total $9 milyon dola pou jwenn plis pase $9 milyon dola nan ekonomi lajan pou efikasite pèmanan nan distri yo. Sibvansyon $9 milyon dola a pral sou twazan nan pwogram sibvansyon konpetitif Gouvènè a nan edikasyon.

Sibvansyon konpetitif nan edikasyon pou rekonpans efikasite nan jesyon bay rekonpans pou distri lekòl ki te mete estrateji tounèf anplas pou amelyore efikasite jeneral jesyon distri lekòl la, pandan y ap konsève oswa amelyore siksè elèv yo. Distri lekòl ki toupatou nan Eta a te resevwa envitasyon pou aplike pou yon sibvansyon lè yo montre ekonomi lajan nan deans yo te reyalize nan distri yo. Lekòl sa yo te jwenn efikasite ak ekonomi lajan nan fonksyònman distri yo, nan domèn tankou sèvis transpò, anplwaye antretyen, ak sipò administratif. Kòm modèl, distri sa yo pral bay plan-daksyon yo pou lòt distri yo pou fason pou anpeche ogmantasyon depans yo ki kontinye ap grandi chak ane.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Sistèm edikasyon nou dwe vin pi efikas ak detounen depans biwokrasi a nan salklas yo. Douz (12) distri nou bay sibvansyon jodi a reprezante egzanp prensipal, epi y ap sèvi kòm modèl pou lòt distri ki nan eta a. Mwen bat bravo pou siksè yo.”

Nan de (2) dènye ane yo, Gouvènè Cuomo te ogmante Èd pou Edikasyon Eta a 8,6% (yon ogmantasyon 4,2% nan ane akademik 2012-2013, ak yon ogmantasyon 4,4% nan ane akademik 2013-2014 pou yon total $1,7 milya dola). Ogmantasyon nan depans lekòl yo nan eta a, sipò Eta a bay pou edikasyon, ak taks sou pwopriyete lekòl yo depase to enflasyon an lontan sou dènye dizan yo. Lekòl piblik New York yo depanse plis lajan pou chak elèv ($18.618) pase nenpòt lòt eta ak 76 pousan anplis mwayèn nasyonal la. Men, depans pou edikasyon avanse New York pa bay pèfòmans siperyè elèv yo kòm rezilta.

Douz (12) distri ki endike anba la a te resevwa sibvansyon konpetitif Gouvènè a nan edikasyon pou efikasite jesyon – distri sa yo te reyalize yon ekonomi lajan total $9,972,778 dola nan efikasite, epi yo te resevwa yon total sibvansyon $9,122,538 dola nan Eta a.

Distri Lekòl Vil Middletown

Sipè-Entandan Kenneth Eastwood

Distri Lekòl Vil Middletown te resevwa yon sibvansyon $545,565 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $519,583 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Kreyasyon yon pwogram pou prete liv nan bibliyotèk lekòl piblik depi nan klas matènèl jiska klas 12^{yèm} ane pou oto-sèvis klas mondyal nan nasyon an, ki te pèmèt distri a re-òganize sipò administratif la epi redui bezwen pou dis (10) pòs travay atanplen, pandan l ap asire bon kalite pwogram yo rete anplas.

Distri Lekòl Evans-Brant (Lake Shore) Central

Sipè-Entandan James Przepasniak

Distri Lekòl Lake Shore te resevwa yon sibvansyon $800.475 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $889.416 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Gwoupman ak rediksyon responsablite administratif ak pòs travay nan biwo santral; epi
- Reyalizasyon ekonomi nan enèji nan nivo distri a avèk yon Pwogram Kontwòl Enèji ki gen enstalasyon detektè mouvman ak ranplasman ekleraj ak efikasite nan kapasite bilding ak gwoupman;
- Efikasite nan kapasite bilding ak gwoupman; epi
- Rediksyon depans pou sèvis transpò avèk re-òganizasyon wout otobis (rediksyon 8 wout otobis atanplen).

Distri Lekòl Broadalbin-Perth Central

Sipè-Entandan Stephen Tomlinson

Distri Lekòl Broadalbin-Perth Central te resevwa yon rekonpans $525.831 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $584.257 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Rediksyon depans pou sèvis transpò, tankou eliminasyon yon wout otobis ak frè administratif ak antretyen ki asosye;
- Revizyon plan asirans sante distri a ak adopsyon yon plan asirans sante ki pa koute chè pou pwofesè yo ak anplwaye ki pran retrèt yo; epi
- Yon rediksyon jeneral nan itilizasyon enèji distri a.

Distri Lekòl Rush-Henrietta Central

Sipè-Entandan Kenneth Graham

Distri Lekòl Rush-Henrietta Central te resevwa yon rekonpans $1.945.389 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $2.161.543 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Gwoupman responsablite administratif ak pòs travay nan biwo santral; epi
- Gwoupman kèk enprimant distri a nan yon sèl kontra;
- Revizyon plan asirans sante distri a ak kontra pou anplwaye antretyen yo;
- Reyalizasyon ekonomi lajan nan enèji nan nivo distri a avèk revizyon sèvis yo.

Distri Lekòl Williamsville Central

Sipè-Entandan Scott Martzloff

Distri Lekòl Williamsville Central te resevwa yon sibvansyon $629.904 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $699.894 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Rediksyon depans pou transpò avèk re-òganizasyon wout otobis yo (sa ki elimine bezwen pou 2 otobis);
- Rediksyon antretyen ak efikasite nan konbistib epi yo fè orè antretyen an vin pi efikas; epi
- Entwodiksyon itilizasyon GPS pou kontwole wout yo.

Distri Lekòl Cheektowaga Central

Sipè-Entandan Dennis Kane

Distri Lekòl Cheektowaga Central te resevwa yon rekonpans $146.361 dola sou twa (3) ane pou idantifikasyon yon total $162.623 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Gwoupman responsablite administratif ak pòs travay nan biwo santral; epi
- Rediksyon depans pou transpò avèk re-òganizasyon ak eliminasyon kèk wout otobis, epitou rediksyon sèvis transpò ki sou kontra yo.

Distri Lekòl Mineola Unified

Sipè-Entandan Michael Nagler

Distri Lekòl Mineola Unified te resevwa yon rekonpans $639.387 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $852.517 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Gwoupman responsablite administratif ak pòs travay nan biwo santral;
- Re-konfigirasyon estrikti klas yo nan nivo distri a, pou pèmèt fèmti de (2) bilding lekòl ak re-òganizasyon anplwaye yo pou kapab bay priyorite pou finansman pou pwogram elèv yo; epi
- Idantifikasyon espas ki pa itilize pou anfème.

Distri Lekòl Vil Vernon

Sipè-Entandan Judith Johnson

Distri Lekòl Vil Vernon te resevwa yon sibvansyon $2.425.734 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $2.310.224 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Reyalizasyon odit sou enèji ak konsèvasyon pou asire resous yo ogmante nèt pou itilizasyon ki pi efikas;
- Gwoupman responsablite administratif ak pòs travay nan biwo santral;
- Rediksyon depans pou transpò avèk re-òganizasyon wout otobis yo.

Distri Lekòl Schalmont Central

Sipè-Entandan Carol Pallas

Distri Lekòl Schalmont Central te resevwa yon sibvansyon $250.140 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $277.933 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

- Gwoupman responsablite administratif ak pòs travay nan biwo santral (13 antou); epi
- Reyalizasyon ekonomi lajan nan enèji nan nivo distri a nan idantifikasyon espas ki pa itilize ak gwoupman lekòl yo;

Distri Lekòl Schodack Central

Sipè-Entandan Robert Horan

Distri Lekòl Schodack Central te resevwa yon sibvansyon $298.761 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $331.956 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

• Gwoupman ak rediksyon responsablite administratif ak pòs travay nan biwo santral;
• Reyalizasyon efikasite nan enèji ak ekonomi lajan lè yo enstale pano solè sou bilding lekòl la ak nan garaj otobis yo, pandan y ap mete teknoloji solè nan pwogram lekòl la.

Distri Lekòl Three Village Central

Sipè-Entandan Neil Lederer

Distri Lekòl Three Village Central te resevwa yon sibvansyon $747.789 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $997.053 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

• Aliyman orè lekòl pou kapab reyalize efikasite nan sèvis transpò a;
• Rediksyon nan depans transpò avèk re-òganizasyon wout otobis, ak rediksyon flòt otobis ki sou kontra ki te 65 otobis aktif pou fè li vin 50.

Distri Lekòl Inifye Tarrytowns

Sipè-Entandan Howard Smith

Distri Lekòl Inifye Tarrytowns te resevwa yon rekonpans $167.202 dola sou 3 ane pou idantifikasyon yon total $185.779 dola nan ekonomi lajan nan depans ki kalifye. Sa te reyalize nan:

• Re-òganizasyon wout otobis ak rediksyon depans pou transpò administratif.

Edikasyon piblik nan New York reprezante yon angajman enpòtan Eta a ak resous lokal yo. Avèk nivo depans total ki depase $58 milya dola, Nouyòkè yo kenbe pi wo nivo depans pou chak elèv nan nasyon an - menm nan moman finansye difisil sa yo. Non sèlman edikasyon an se pi gwo domèn depans Eta a, men tou li se pi gwo eleman taks sou pwopriyete lokal yo. Envestisman enpòtan sa a se yon refleksyon angajman Eta New York depi lontan pou bay opòtinite pou tout elèv yo.